

"Pran Devan Plon" Rapò Chak Mwa: Jiyè 2020

Chè Pwopriyete,

Pou vanse ak angajman nou pran pou nou ba ou enfòmasyon ak mizajou sou responsabiltè ak obligasyon ou genyen selon Lwa Lokal 1 2004 la, Depatman Konsèvasyon ak Devlopman Lojman (Department Of Housing Preservation And Development, HPD) pral pibliye yon seri nòt enfòmasyon. Chak nòt enfòmasyon pral met aksan sou yon aspè nan lwa a men li pa pral pale sou tout lwa ak règleman ki aplikab yo.

Objektif piblikasyon sa a se bay enfòmasyon sèlman epi l pa la pou l bay moun konsèy sou plan jiridik. Enfòmasyon sa yo pa di anyen ki konplè ni definitiv sou tout obligasyon pwopriyete a oswa lokatè a genyen konsènan lwa ak règleman ki gen rapò ak lojman nan Vil New York. Tanpri ale sou sitwèb penti anba plon HPD a [HPD lead-based paint webpage](#) pou w ka suiv sesyon enfòmasyon sa a ak ansyen sesyon enfòmasyon ki genyen nan lòt lang. [nyc.gov/lead-based-paint](#)

MIZAJOU: Anrejistreman Pwopriyete

Tanpri sonje biwo nou yo pa louvri pou asiste moun ki vin anrejistre san randevou. Si ou bezwen asistans, tanpri kontakte imèl sa (Register@hpd.nyc.gov) oubyen nan telefòn **(212-863-7000)**. Yo kòmanse ak fòm pa imèl, epi pwopriyete ki Brooklyn yo sipoze revwa fòm yo deja, apre se Bronx, Manhattan, Queens, ak Staten Island. Si ou ta renmen resevwa yon kopi sètifye anrejistreman ou an lè li valide, tanpri ekri HPD [DEMANN POU KOPI SÈTIFYE ANREJISTREMAN PWOPRIYETE A](#) ak yon pèman ki apwopriye (8 dola pa bilding).

Kesyon Moun Poze Souvan

- 1. Mwen genyen yon kay pou 2 fanmi. Mwen tcheke sit HPD a ([HPD ONLINE](#)) pou bilding mwen an epi li montre adrès mwen se yon kay pou 2 fanmi. Èske m oblije reponn nouvo seksyon 14 la? Mwen te panse lwa lokal 1 pa t aplikab pou pwopriyete m nan.**

Si ou te konfime dosye HPD refilete 1 oubyen 2 pwopriyete ou posede, ou kapab kite kesyon sou danje ak plon yo (seksyon 14) san repons sou fòm anrejistreman pwopriyete ou la. Men, koulye a yo mande w pou konfòme w ak obligasyon lwa lokal 1 2004 pou chaje lokatè a (gade seksyon 27-2056.8). Epi tou, sonje nan kòmansman mwa fevriye 2021, y ap mande ou pou konfòme w ak lwa lokal 1 an antye pou chak apatman nan bilding nan ki pa gen swa pwopriyete a oubyen manm fanmi pwopriyete a. Ou kapab jwenn obligasyon Lwa Lokal 1 nan [Sitwèb HPD](#).

Si dosye HPD refilete pwopriyete ou la gen plis ke de apatman rezidansyèl, kontakte HPD nan codevios@hpd.nyc.gov epi bay yon evidans pwopriyete ou la se pwopriyete 1 oubyen 2 kay pou fanmi ki legal.

2. Gen gwo chanjman ki fèt nan pwopriyete m nan ki fè yo retire tout sak fèt ak penti abaz plon. Èske m oblije konfòme m ak lwa lokal 1 epi reponn nouvo seksyon 14 la?

Wi, ou sipoze fè sa. Amwens ke ou genyen yon Sètifika pou Abite pou yon Nouvo Bilding (N.B.) ki te konstwi depi lane 1960, ou oblije konfòme w ak Lwa Lokal 1 nan. Men, ou ka bezwen chache konnen plis sou kòman pou aplike HPD pou egzanpsyon nan prezonpsyon penti abaz plon. Lè ou resevwa yon egzanpsyon, sa pral vle di ou pa pral bezwen konfòme w ak obligasyon Lwa Lokal 1 an si apatman / bilding nan pa gen danje plon. Pwopriyete apatman / bilding ki pa gen danje plon ap toujou bezwen verifikasyon regliyèman pou asire yo pa ekspoze moun ak penti abaz plon. Vizite [pajwèb sou plon HPD a](#) epi li seksyon "Egzanpsyon" ki anba a pou jwenn plis enfòmasyon sou pwogram egzanpsyon ak pwosesis yo.

MIZAJOU: Enspeksyon ak Vyolasyon HPD yo

HPD te rekòmanse fè enspeksyon pou Aplikasyon Demann pou Anile pwopriyete yo te voye. Manm pèsònèl nou ap eseye antre an kontak ak moun yo te mete enfòmasyon pou kontakte yo sou aplikasyon an, ki baze jeneralman sou lè yo te soumèt aplikasyon an pou pwogram enspeksyon sa yo. Nou apresye pasyans ou pandan n ap travay pou elimine reta nou an. N ap raple ou l ap nan enterè ou si ou di lokatè ou yo davans yo pral pwograme enspeksyon sa yo pou yo ka bay Enspektè Lojman HPD yo aksè. Enspektè Lojman nou yo pral mete pwoteksyon figi pandan tout tan y ap fè enspeksyon an epi yo pral mande pou lokatè yo mete pwoteksyon figi tou pandan Enspektè Lojman an nan apatman yo a; nenpòt manm pèsònèl bilding lan ta dwe gen yon pwoteksyon figi pandan enspeksyon an tou. Yo dwe bay aksè nan tout zòn piblik kote ki gen pwoblèm vyolasyon an pou Enspektè Lojman an ka gen plis kapasite pou obsève kondisyon yo. Kòm dabitid, nou ankouraje ou asire w pa gen okenn nouvo kondisyon ki ka danjere Enspektè Lojman an ka obsève pandan enspeksyon an epi yo te abòde tout kondisyon Enspektè Lojman an te egzaminen nòmalman avan yon enspeksyon (gade nan [sitwèb HPD a](#) pou jwenn enfòmasyon sou kondisyon Enspektè HPD yo pral gade ak kijan pou soumèt yon Demann pou Anile.

Si ou pa rezoud vyolasyon yo epi sètifye yo te rezoud, oswa pou asire pwopriyete ou a reprezante kondisyon bilding ou an byen, sa mete pwopriyete ou a nan risk pou yo chwazi li pou youn nan pwogram mizanplas espesyal HPD yo, tankou Pwogram Kondisyon (Sou-Jasan) Anba-Anba oswa Pwogram Mizanplas Altènatif la, menm si an reyalyte ou te rezoud pwoblèm nan.

Pi devan, lè ou gen vyolasyon HPD ki pa rezoud, sa anpeche ou jwenn pèmi nan men Depatman Konstriksyon an. Lwa Lokal 104 ane 2019 la egzije DOB, ak detwa eksepsyon, pou refize bay yon pèmi pou bilding lè yon bilding gen twa (3) oswa plis vyolasyon kòd antretyen lojman ki danjere oswa gwo vyolasyon kòd konstriksyon pa inite, oswa, lè gen 35 inite oswa plis, gen yon mwayèn omwen de (2) vyolasyon kòd antretyen lojman danjere oswa vyolasyon kòd konstriksyon ki danjere oswa gwo anpil pa inite.

MIZAJOU: Kesyon Moun Poze Souvan Konsènan Egzanpsyon yo

Pwopriyetè bilding yo kapab anboche konpayi kalifye pou fè tès pou detèmine si gen penti abaz plon nan bilding yo, epitou pou fè travay dinamik pou redui obligasyon ki asosye avèk penti abaz plon an. Lwa Lokal 1 ane 2004 bay yon egzanpsyon pou sèten dispozisyon lwa a selon tès oswa dokiman obligatwa yo soumèt. Vizite pajwèb HPD a pou w ka jwenn plis enfòmasyon sou pwosesis egzanpsyon an ([Kesyon Moun Poze Souvan](#)) epi telechaje [aplikasyon an](#).

Vil al Ofri Èd pou Rezoud Danje Penti Abaz Plon

Kounye a la, HPD ak DOHMH ap ofri sibvansyon pou pwopriyetè lokasyon ki elijib pou rezoud danje Plon nan apatman yo, zòn moun yo pataje nan bilding yo ak sòti sekou nan Pwogram Kay San Danje ak Rediksyon Danje Plon yo a.

Pwogram nan bay finansman 8,000 a 10,000 dola an mwayèn pa apatman (selon bezwen an) pou repare danje plon nan yon melanj abatman (retire oswa ranplase eleman penti abaz plon k ap deteryore) epi kontwòl entèrim (tretman sifas penti abaz plon pou mete yo nan yon kondisyon entak). Epitou, pwogram nan ka finanse kèk lòt reparasyon pou abòde danje ki pa gen pou wè ak plon, tankou danje pou kilbite/tonbe, danje dife, pòt/fenèt ki pa mache, ak lòt. Yo pa mande pwopriyetè pou peye sibvansyon yo ankò.

Yon bilding sipoze respekte kritè sa yo pou l kalifye: Li sipoze nan 5 minisipalite yo; yo te sipoze konstwi li anvan lane 1969; se moun ki pa rantre anpil revni ki sipoze rete nan majorite apatman sa yo epi moun ki rantre tikal revni; epi omwen se pou fanmi ki gen pitit anba laj sis lane, oubyen yon fanm ansent, oubyen timoun ki anba laj sis lane. An plis, pwopriyetè a sipoze dakò, pou senk (5) lane apre travay reparasyon an, pou lwe apatman yo ak moun ki pa rantre anpil lajan epi bay priyorite ak fanmi ki gen timoun piti. Piga ou tann! Pran devan pwoblèm plon ou an koulyea! Vizite [Pajwèb HPD a](#) pou jwenn plis enfòmasyon osijè Rediksyon pou Danje Plon epi pwogram pou kenbe kay yo san danje pou lasante epi pou telechaje aplikasyon an.
